

HEALTH AND RECOVERY PLANS (PLAN SANTE AK GERIZON YO)

se Plan Medicaid Managed Care (Swen Kontwole Medicaid) ki peye pou swen sante fizik ak konpòtmantal (pou moun ki gen pwoblèm sante mantal oswa ki itilize dwòg/alkòl).

Lè ou se yon manm HARP, ou gen aksè nan pwofesyonèl swen sante ki espesyalize nan swen sante konpòtmantal. Health Home Care Management (Manadjè Swen

Sante) kapab travay avèk ou epi pwofesyonèl swen sante ou pou atenn objektif pou byennèt ou.

Lè ou se yon manm HARP, ou kapab kalifye pou divès kalite sèvis espesyalize ki rele Behavioral Health Home and Community Based Services (BH HCBS) (Sèvis Sante Konpòtmantal ki Baze nan Kay ak Kominote) BH HCBS ka ede ou reyalize objektif pèsònèl ou yo, tankou viv yon fason endepandan, oswa retounen nan travay oswa lekòl.*

*Ou dwe nan yon HARP epi fè yon evalyasyon pou konnen si ou kalifye pou BH HCBS.



REYALIZE OBJEKTIF OU YO!

Anba Health and Recovery Plans (HARP) (Plan Sante ak Gerizon yo), Behavioral Health Home and Community Based Services (BH HCBS) (Sèvis Sante Konpòtmantal ki Baze nan Kay ak Kominote) bay moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal sipò yo bezwen pou yo viv poukont yo nan kominote yo.*

BH HCBS kapab bay:

- **Sèvis pou ranfòse konpetans** pou ede ou jere lajan ou ak amelyore konpetans sosyal ou.
- **Konpetans fondamantal** pou ede ou rekipere konpetans fondamantal ou te genyen yon fwa men ou te pèdi akòz pwoblèm sante konpòtmantal.
- **Swen lakay** lè ou pa ka ale nan klinik ou oswa lòt pwofesyonèl sante mantal.
- **Sèvis sipò kamarad** nan men lòt moun k ap viv ak pwoblèm sante mantal ak / oswa abi dwòg oswa alkòl. Espesyalis kamarad ak defansè kamarad yo "te nan menm sityasyon an yon lè tou". Lè yo pataje pwòp eksperyans vi yo, yo kapab ede ou goumen ak fè pwogrè pou w refè.
- **Asistans** pou ede fanmi ou chwazi a devlope konesans ak konpetans pou ede ou refè.
- **Sipò akademik** pou ede ou fini ak pwogram lekòl fòmèl epi satisfè objektif akademik, tankou antre nan yon lekòl pwofesyonèl, oswa ede aou pare pou tès ekivalans lekòl segondè.
- **Sèvis sipò travay** pou ede ou jwenn oswa kenbe yon travay.
- **Sèvis relèv**, ki ofri anviwònman rezidansyèl an sekirite ak ankourajan pandan yon kriz emosyonèl. Kèk nan founisè sèvis yo kapab ede ou jwenn resous kominotè, jwenn referans swen ak jere pwoblèm sante. Epitou yo kapab ofri ou sipò kamarad epi ba ou plis fason sou kijan pou evite lòt kriz emosyonèl pi devan.
- **Sèvis relèv kriz entansif** lè ou bezwen sipò espesyalize terape, sikyat, ak lòt manm pèsònèl nan yon anviwònman rezidansyèl an sekirite.

POU JWENN AKSÈ NAN SÈVIS YO



ETAP 1

Aprè ou enskri nan yon HARP, ou menm ak manadjè swen ou a ap diskite objektif ou yo.



ETAP 2

Ansanm, nou pral kreye yon plan pou ede ou reyalize objektif ou yo.



ETAP 3

Manadjè swen ou a kontakte konpayi asirans ou pou otorizasyon ak pou jwenn BH HCBS.



ETAP 4

Manadjè swen ou ede ou chwazi yon founisè epi pran yon randevou.



ETAP 5

Ou menm ak founisè ou kreye yon plan ki apwopriye pou objektif ou yo.



ETAP 6

Manadjè swen ou kontinye travay avèk ou, founisè ou, ak konpayi asirans ou.

*Ou fèt pou enskri nan yon HARP epi ranpli yon evalyasyon pou konnen si ou kalifye pou BH HCBS. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele manadjè swen ou a oswa plan asirans sante ou a.



CHWA NAN SWEN pou SANTE TOTAL KAPITAL

ÈSKE HARP SE YON BON CHWA POU MWEN?

Pale ak pwofesyonèl sante mantal ou oswa konseye pou abi dwòg/alkòl ou sou HARP. Yo kapab ede ou konnen si ou deja enskri oswa kijan pou ou enskri si ou kalifye.

Kalifikasyon

Ou dwe gen 21 lane oswa plis pou enskri nan yon HARP, epi ou dwe gen asirans sèlman ak Medicaid, ou dwe gen yon maladi mantal oswa pwoblèm abi dwòg/alkòl kwonik,

epi kalifye pou Swen Kontwòl Medicaid.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou HARP oswa pou enskri, rele New York Medicaid Choice nan 1-855-789-4277.

Konseye yo kapab ede ou nan lang ou.

Moun ki itilize TTY yo:

1-888-329-1541

Lendi jiska vandredi:

8:30 AM jiska 8 PM

Samdi:

10 AM jiska 6 PM

Rezo Endepandan Defans

Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) ofri èd gratis ak konfidansyèl

pou ede kliyan ki kalifye pou enskri nan HARP. Yo kapab ede ou deside si HARP ap bon pou ou, reponn kesyon sou avantaj ou yo, ba ou konsèy ak enfòmasyon, ak defann ou nan pwosesis kontestasyon an. Rele ICAN nan **1-844-614-8800** oswa voye yon imèl bay ican@cssny.org.

NYC
Health

HARP

Health and Recovery Plans
(Plan Sante ak Gerizon yo)

Haitian Creole

Sèvis
ki Baze
nan Kay
oswa nan
Kominote

NYC
Health